## Сихха лоьмарш

| | |
|---|---|
| Полицин | 133 |
| Полицино СМС-ца лерса доцуш а, хезаш боцучарна а | 0800 133 133 |
| Кlелхьарваккхар | 144 |
| Зударшна ницкъ барна дуьхьал гlо даран телефон | 0800 222 555 |
| Евро сихаллин номер | 112 |
| Лакхарчу Австрехь кризисехь гlо дар | 0732 2177 |
| Телефонехула хьехам бар Лакхара Австри | 142 |
| Телефонан хьокъехь хьехамаш | 147 |

## Зударшна тlехь ницкъ бар хlун ду?

Зударшна тlехь ницкъ барна юкъадогlу, масала: дешнашца сийсазбар а, юьхьlаьржа хlоттор а, кибер-хьийзамаш бар, юьхьlаьржа хlоттор, кхерамаш тийсар, lалашонца кхерамаш тийсар, зударий мехах бохка лелор, зударийн генийн меженаш д1аяхар, изоляци яр, тlех сов lуналла дар, психологин ницкъ бар, еттар, сексуальни ницкъ бар а, зулам дар а, тlаьхьавьлла лелар,т1е когаш беттар, нуьцкъалл хьийзаяр , лаг 1идар, нуьцкъала маре яхар а, кхин долу дегlан тlелатарш а стаг верна тlекхаччалц а, кхин а дуккха а.

И ницкъбар дукхах дерг цlахь хуьлу. Цундела ницкъ барх доьзалехь ницкъ бар олу. Доьзалехь ницкъ бар вовшашна дика бевзаш болчу нахана юкъахь хуьлу.

## Чохь беш болу ницкъ бар магийна дац.

**Цундела ду ницкъ барх ларбаран хьокъехь долу низам. Низам массо а стаг ницкъ барх ларван лерина ду. Къаьсттина зударшна дукха хьолахь ницкъ хуьлу. Тхуна лаьа массо зударийна доьналла дала. шайна гlо лаха!**

## Хьажа а г1уллакх дан а

Зударшна тlехь ницкъ баран тидам хиллачу муьлххачу а стагана гlо дан а, гlортор ян а кхойкху.

## Гlо а, гlортор а эца:

**Полицин** 133

Нагахь санна полице кхайкхахь, цара шина кӀиранах чувахар а, тӀегӀертар цхьа некъ ца буьту Полицино дихкина ницкъ биначунна зе хиллачу х1усаме чу ваха а, кхерамехь волчу стагана тӀеваха а. Полицино зуламхочуьнгара дог1наш схьаоьцу, цуьнга кхача до хила тарлучу х1уманехь лаьцна информацин кехат. Д1атарбалар.чубахар дехкар кхочушдар лардар кхаа дийнахь толлур ду полицино. Ницкъ барх ларбаран центре хаам бо полицино хӀора чубаха дехкарх лаьцна. Ницкъ барх ларбаран центро хьехамаш а бо, гӀо до зударшна.
Цу хӀусамна чубаха а, тӀегӀерта а дихкина нах декхаре бу 6 сахьтехь консультацеш ян.

**Полицино СМС-ца лерса доцчу нахана а, хезаш боцучарна а** 0800 133 133

## Ницкъ барх ларбаран центр Лакхара Австри 0732 60 77 60

Нагахь санна полицино араваккхран , я чубаха а, тӀегӀерта а дехкахь, ницкъ барх ларбаран центре сихха хаам бийр бу полицино. Ницкъбарх ларваларан центро (Линцехь а, Лакхарчу Австрерчу регионийн офисашкахь а) жигара зӀене бовлу зе хиллачуьнца, гӀо дан.

**Цунах зе хиллачеран а, царна гергарчу нехан а аьтто бу МУЬЛХХА А ХЕНАХЬ ницкъ барх ларбаран центрца зӀене бовла**. Декхаршна юкъахь ду кхелан сацамца чубаха а, тӀегӀерта а дехкар дахдарна гӀо дар. Иштта зударшна гӀо-накъосталла а, хьехам а бо. Бехктакхаман гӀуллакххехь зе хиллачарна юридикан а, психосоциалан а гӀо-накъосталла до.

office.ooe@gewaltschutzzentrum.at
www.gewaltschutzzentrum.at/oberoesterreich

## Зударийн тховкӀелонаш

Ницкъ лайначу зударшна лерина зударийн х1усамаш ткъа иштта церан бераш лардар а д1атардар а. Къаьсттина цӀахь ваха кхин аьтто боцуш хилча. Зударийн приюташка муьлххачу хенахь а кхача йиш ю, дийнахь а, буса а дӀаэца йиш ю. Лакхарчу Австрехь зударийн тховкӀелонаш ю Браунаухь, Линцехь, Ридехь. І., Штейр, Фёклабрук, Уэльс.

www.frauenhaus.at

## Зударийн дӀасалеларан хӀусамаш

Зударий цхьана ханна, шаьш я берашца цхьаьна баха йиш ю оцу х1усамш чохь, лаххара арендан ахча а луш. И х1усмаш ерриг а Лакхарчу Австрехь регионашкахь лелаш ю. ЗӀе латтайо лакхарчу австрица Зударийн хьехамийн центраш.

www.frauenreferat-ooe.at/netzwerke

## Зударийн маслаӀаташ

Лакхарчу Австрехь зударшна мах боцуш а, анониман а, къайлаха а гӀо-накъосталла до массо а дахаран хаттаршкахь регионерчу зударшна хьехамаш бечу 23 центрехь. Зударшна психосоциальни а, социалан а белхаш а, юридикан гӀо-накъосталла а, хьехам а бо. Иза а цхьана декъехь ненан маттахь дан йиш ю. Доьзалехь ницкъ баро зе динчу я кхерам болчу

мигрантийн аьтто бу 1аш хиларан хьал статус эца - цунах лаьцна кхин а хаамаш каро йиш ю 23 ОӦ-хь а. Зударийн хьехамийн центраш.

www.frauenreferat-ooe.at/netzwerke.htm

## Онлайн зударийн хьехам Лакхара Австри

Онлайн зударийн хьехам Лакхарчу Австрехь жоьпаш ло зударийн сингаттамна, ницкъбарна, юкъаметтигийн проблемашна, дlасакъастарна, зударий дlасакъастарна, доьзалан конфликташна, терахьийн проблемашна, дlадолоран сервисна, белхан коучингна, цхьаъ бен воцу да-нана санна хийцамаш барна а, дай-нанойн хаттаршна а, доьзалан бакъонашца доьзна юкъара юридикан хьехам, доьзалхочух хилар, бер данле диагностика яр, бер дlададалар, кхин а дуккха а.

www.frauenberatung-ooe.at

## Могашалла lалашъяр

Дукха хьолахь ницкъ бина зударий хьалхара зlене бовлу доьзалан лор я дарбан цlа. Деглана лазарш дина ца lаш, психологин ницкъбаран тlаьхьалонашца а. Къайле ларъяр гарантии ло лерина лелоран сенситивни чулацам. Амма цхьадолчу хьолашкахь могашаллин декъехь хаам бан декхар ду, масала, дахарх а, меженах а ма-дарра хьакхалуш хилча.

## Берийн а, кегийрхойн а агlонаш

Белхан коьрта тидам тlебохуьйтуш бу берийн бакъонийн буха тlехь берийн а, кегийрхойн а интересашна а, хьашташна а, Цхьаьнакхеттачу Къаьмнийн Организацин берийн бакъонашкахула йолчу конвенцица нийса а догlуш. Берашна а, кегийрхошна а мах боцуш хьехамаш а, гlо-накъосталла а до, масала, ницкъ баро а, хьийзоро а шайна тlеlаткъам беш белахь а.

www.kija-ooe.at

## Берийн а, кегийрхойн а хьал

Берашна а, кегийрхошна а доьзалехь ницкъ баран теш хилча, масала, дай-наношна юкъахь, иза а вуно стресс хуьлу царна. Берийн а, кегийрхойн а хьашташ кхочушдаран декхар ду иштта чолхечу хьолехь болчу доьзалшна гlо-накъосталла дар. Социалан белхахоша толлу, хьакхаделла бер кхачам болуш кхерам боцуш хилар . Цундела хlора араваккхарх лаьцна автоматически хаам бо берийн а, кегийрхойн а хьашташ кхочушдечу сервисашка. Иштта, х1ора стаг ву бакъо йолуш, берийн а, кегийрхойн а хьашташ кхочушдаран сервисашца зlене вала йиш ю хьан, нагахь санна хьан берана, жимчу стагана сагатдеш делахь.

www.kinder-jugendhilfe-ooe.at